

Leson en



Vole Avyon

Lè mwen te piti, se te pasyon mwen. Mwen te toujou pran tan pou gade avyon k' ap vole. Elikoptè te enterese mwen tou. Men, mwen te pi fanatik avyon. Jodiya mwen satisfè. Mwen reyalize rèv mwen. Apre mwen fini pase yon bon ti tan nan yon lekòl pilòt nan peyi Bèljik, mwen ka pilote avyon. Mwen kontan sa anpil.

11

Peze bouton opalè pou koute tèks la.

Fè Egzèsis sa yo ki baze sou tèks anvan an.

1A-Se vre oubyen se pa vre.

- 1- Mwen te pi renmen elikoptè.
- 2-Lè mwen te piti pasyon m se te vole avyon.
- 3-Mwen te pi fanatik elikoptè.
- 4-Mwen te etidye nan peyi Almay.
- 5-Mwen kontan mwen ka pilote yon avyon.

1B-Mete yon vèb nan plas vid yo.

- 1- Mwen te toujou _____ tan gade avyon.
- 2-Elikoptè te _____ mwen.
- 3-Mwen _____ jodiya.
- 4-Rèw mwen _____ jodiya.
- 5-Mwen _____ yon bon ti tan an Bèljik.

1C-Pwononsyasyon

- Son /o/ tankou nan Toto
- Yoyo fè Lolo sote.
- Polèt poko pote poto a.

1D-Pratike ti dyalòg sa a

- 1- Èske ou renmen monte avyon?
- 2- Non, mwen pa renmenpase anlè.
vwayaje
pwonmnen

1E-Mare definisyon ki koresponn ak mo yo ansanm.

Avyon	Yon moun ki ap dirije yon avyon.
Fanatik	Kote moun ale pou aprann.
Pilòt	Yon peyi nan Ewòp ki pale franse.
Bèljik	Yon moun ki renmen yon bagay anpil.
Lekòl	Yon aparèy ki vole anlè.